Соколёнок

# Лачен

3/2021

МАЙ – ИЮНЬ

0+

ДАГЪИСТАНАЛЪУЛ ХIУКУМАТАЛЪ КIИ-КIИ МОЦIИДАСАН ЛЪИМАЛАЗЕ БАХЪУЛЕБ ЖУРНАЛ



## РОССИЯЛДА КIОДО ГЬАБУЛЕБ ПУШКИНИЛ КЪО – ДАГЪИСТАНАЛДА

## А.С. ПУШКИНИЛ 222 СОН ТIУБАЯЛДЕ

# Хириял лъимал, Лаченалъул гьудулзаби!

Нилъер календаралда буго багӀарабги чӀегӀерабги кьералъ белъараб кӀиго къо – нилъер улкаялде тӀаде рагъгун фашистазул Германиялъул гъарачагӀи кӀанцӀараб, **чӀегӀераб къо – 1941 соналъул 22 июнь.** КӀудияб ВатӀанияб рагъда **КӀудияб Бергьенлъи босараб 1945 соналъул багӀараб кьералъ белъараб 9 маялъул къо!**

Гьел соназ, гьел нужго гӀадал гӀисинал лъимал, ВатӀан цӀунизе рагъде арав эмен, вац, гӀагарлъиялъул бихьинал, гьездаго гьоркьор битӀахъего рагъул коронир рукӀарал цо-цо бахӀарчиял руччаби тӀадруссинегӀан кигӀан урхъунха ралагьун чӀун рукӀун ратилел! КигӀан анищалда ралагьун чӀаниги, киназего гурелъул гьеб – рагъдаса хириялщинал руссараб талихӀаб къо бихьизе щвараб!

Бихьугеги тӀокӀалъ додинаб вахӀшилъи Инсаниялдаго! БачӀунгеги киданиги додинаб балагь дунялалъулго халкъазде тӀаде! Аллагьас Алжан насибаллъун гьарун ратаги жидер рухӀалда барахщичӀого биги тӀурал, гӀумруги кьурал, ракъи-къечги, къварилъигӀазабги хӀехьанщинал ВатӀаналъул бахӀарзал! Гьел рагъухъабазда, багьадурал гӀадамазда гьоркьор рукӀана нилъер аваразул хъвадарухъабиги:

Ражаб ДинмухӀамаев, МухӀамад Сулиманов, МухӀамад Шамхалов, ГӀабдулмажид Хачалов, Будун ТӀагьиров, Абакар ТӀагьиров... ва гӀемерал цогидалги нилъер ракьцоял. Гьел ва гьединал къохӀехьарал, яхӀ баччарал багьадурал гӀадамазул цӀарал нилъеда кӀочене бегьуларо.













*КIудияб Бергьенлъиялъул Къоялъ Болъихъ тIобитIараб «ХвелгьечIеб полкалъул» бицунел лахIзатал.*

# ГIали-Хlажи Мухlамадов

***(ВатIанияб рагъда къанщаралдаса 75 соналдасан къисмат лъазе кIварав магIарулав Рамазан ГIусманов ракIалде щвеялъе)***

**ВагIалайкум васалам,
ГIалиязул Рамазан,
ГIолохъанго къанщарав,
ГIужилав гIарадачи.**

**ВатIаналъе рухI кьурал
Кьварарал бахIарзазулъ,
Кьурул гIусда цIум гIадин,
ГIолохъанго рещтIарав.**

**Гургинаб щуго соналъ
Фашистазда цIа лъурав,
ВатIаналъ багьадурин
Килас-медалал рарав.**

**Рагъ лъугIулел къоязда
Къадар Аллагьас кьурав,
Рокъобе нух ункъого
Соналъ халат бахъарав.**

**АнцI-анцI сонал сверигун,
Щвана нижехъе хабар
Хоб Европалда бугин,
Мун бахIарчи вукIанин.**

**Дур хабар къотIарабго
Къварилъарав инсуда
ЦIоралъул мугIрул щобда
ГIазулъ батана гIажал.**

**ГIалиязул Рамазан,
Чандай ругел, мун гIадал,
Гьунарал тIатинчIого,
ТIупарал магIарулал.**

**Рокъоре хъварал кагътал,
Керен бухIулеб чIалгIен,
ЧIухIун рехсолел цIарал
Рагъул цIаялъ рухIарал.**

**ВатIаналъе рухI кьурал,
Ругъналгун тIадруссарал,
БахIарзазе хвел гьечIо,
Халкъалда кIоченаро!!!**

# Школаздаса харбал

*«ХIакъикъат» газеталъул редакцияда Шамай Хъазанбиевалъ тIобитIараб «ЧIагояб классика» абураб тадбиралда тахшагьаралъул чанго школалдаса цIалдахъабиги гьезул мугIалималги.*
















ГIайшат Малачиева

# Лъимал цIуниялъул къо

Лъимал цIуниялъул къо, –
Лъималазул байрамкъо,
ЦохIо къо щай гьеб бугеб
ТIолабго лъагIалида?

ЛъагIелазго цIуне ниж,
ГIумруялъго цIуне ниж,
ЦIуне къасиги къадги,
ЦIуне щибаб лахIзаталъ!

ТIоцебесеб июнищ
Нижер цохIого-цо къо?
Цогидал къояздаги
Къабулаллъун лъугьа ниж!

Пачалихъалъги нижей
Жаваблъун талихI бикье,
ХIакимзабазги нижей
ХIажатабщинаб битIе!

Дунялалъулго лъимал
ЛъикI хутIизе, рохизе
Щибаб къо байрамлъизе,
Лъимерлъи нижее те!

# Барщараб кету



Бакъун мимидулареб,
Маргьаби рицунареб,
Дунгун басандулареб
Кету буго дий бачIун.

Гьанахъ балагьулареб,
Рахь тIунин тIуркIулареб,
Барщараб – рекъолареб
Квасук буго дий босун.

ГIункIкIазул сас чIваниги,
ЧIараб, багъарулареб,
ЦIар ахIун, бачIунареб
Барщук буго дие щун.

Сайгъаталъе бачIараб
БералгIурччин, михъалхич –
Гьумер-квачI чурулареб,
Кис-кис жинда лъалареб.

ГьадигIан гIантаб кету,
ГIарац щвани гIелиндай,
Тукенчи нечечIого,
Дир дадае бичараб?

# «ГъотIоркIо»

ХIикматай яс йикIарай,
«ГъотIоркIо» тIокIцIар бугей,
КIикIвекьаб гъветIги бищун,
ГъотIода бусен лъурай:

ХIамитIенкелги тIамун,
Гьелда егун йикIуней,
ЦIализе ккараб тIехьги
ГъотIодаго цIалулей:

Вацал-яцалгун цадахъ
ЦохIониги хIаларей,
ХIанчIазул сурат бахъун,
Кагъат-къалам толарей.

Хъизам кванде буссани,
Богое рештIунарей,
ХIинчI гъотIода кваналин,
Квен гьенибе гьарулей.

«ГъотIоркIодул» бусада
Камураб щибдай буго,
Сверухълъи цебе кквезе
Цо цIакъал дурнабиги,

МаркIачIул бер рукIкIани,
Канлъуе чирахъалги.
РакIгъезе кечI биччалеб
ТIинаб магнитофонги.

Тамашаяб гъотIолги
Маргьуяб гьумер бугеб:
Бакъул багIари гIуни,
РагIдуе дугъ бигъулеб,
ЦIад-гьури багъарани,
Гьулаклъун кIибикIулеб...

Жага баргIарлъун буго,
БагIли барщун щун буго,
Гьеб бетIизе, бичизе
Лъимал гъираялъ руго.



«ГъотIоркIо» базаралде
Гьараниги йилълъинчIо,
ЛъийгIаги кумекалъе
Яхъинецин гьесичIо.

Рагьдухъ ахIи-хIур буго,
Рохел бикьулел руго,
Босанщинаб бихьизе
Цоцахъе кьолеб буго.

ХIанчIие ретIел щайин,
Щибго гьалъий бачIинчIо,
ГъветI бикIулей йикIайин,
Гьуинлъабицин кьечIо.

Лъимал релъулел руго:
«Гьале доб варанихIинчI,
ХIалтIизеги кIвахIалаб,
Боржинеги кIолареб!»

# Габурчlегlер, Кlалчlегlер



КIиго кьегIер букIана
КIиго мадугьалалъул –
ГабурчIегIер – Меседул,
КIалчIегIер – ГIаишатил.
КIиязего рекIелгъей,
КIиязего рохелгIей!

КIияйго гьудул яхъун,
Гьел кваназарулаан,
Дарсал лъугIаралго, ун,
Эзий ххер бетIулаан.
ТIасалъагIриса кIутIун,
ТIадал магь баччулаан.

ГIурччинмагъилъе рачун,
Эркенго риччалаан,
ГъотIол рагIдукь гIодор чIун,
КечI ясаз ахIулаан.
РакIгъеялъе кIиязго
Маргьаби рицунаан.

Цо-цо гьел тохлъизарун,
КьагIи раккарулаан,
ТIехь цIалулел гьелги тун,
Тургьби хъирща-хъвалалан,
Къадекваний тIупарал
Панкъал кванан толаан.

КьагIазда цо-цо мехалъ
ЩIарал къосун кколаан,
ГабурчIегIер ахIани,
КIалчIегIер багIдулаан,
КIалчIегIерин ахIани,
Абцояб бачIунаан.

Разилъи гьитIичазул,
Расанди, кIалцIи гьезул,
Мохмохазул гургбигун
Гургинлъи, гогьлъи азул,
КIарчамал гьел кьагIигун
РакIрегьин гьал ясазул!

*Хатимат ГӀисаева*

# Гьари – рекъараб, бикъи – сурараб



ГӀашура егана, амма кьижизе кӀолеб букӀинчӀо. ЦӀидасан гьелда цере рукӀана кӀодоэбелалъул гьансинир ругел меседил кьерал маржанал. «Унго, цо гьоъл кенчӀолеб куц! КигӀанха гьел рекъелаан дир тӀогьилаб гурдеялда тӀасан! КигӀандай ясал дида рухӀдаллъун рукӀинаан! Школалде ячӀарайго, сверун кквелаан гьез дун. Гьарани, кьелародай кӀодоэбелалъ дие гьел? КьечӀони? Метерго ина кӀодоэбелалъухъе ва гьарила маржанал дие кьеян. Щиб лъалеб, кьезеги бегьулагури гьелъ!»

Радал тӀаде яхъарайго, ГӀашура кӀодоэбелалъухъе йилълъана. КӀодоэбел, гьамасги рагьун, гьелда жание яккулей, гьенир ругел ххамазул, шалазул халгьабулей ятана гьелда.

«Гьа, иц бан бугищали балагьулей ятила кӀодоэбел» – илан ракӀалдеги ккун, щибго жо гьелдаги абичӀого, гӀодой чӀана ГӀашура.

«Абиладай? Абилародай?» – Гьединал суалаз рахӀат толеб букӀинчӀо ГӀашурае.

КӀодоэбелалда абизе хӀадурун рукӀарал рагӀабиги кӀалдиса къватӀире рачӀун рахъунел рукӀинчӀо. КӀодоэбелги щаялиго жакъа юцӀцӀухӀун чӀун йикӀана.

Цо ххамил кескалги кодор ккун рагьидехун кӀодоэбелги ун, рокъой хутӀарай ГӀашура гьансида аскӀоегӀан йилълъана. ГӀашурал бер речӀчӀана гьансил рикӀиялъул ругел маржаназде. КӀодоэбелалъул гьитӀинаб бецӀаб рокъоргицин гӀажаибго кенчӀолел рукӀана гьел.

ГӀашураца маржанал кодоре росана, гьел каранде къана.

«Унго, берцинлъи!» – ян борчӀана ГӀашурахъа. «ГьадигӀан бецӀаб рокъоргицин гьадин кенчӀолел гьал, бакъалде росани, берал бецц гьарила!»

ГӀашура гьанжеги пикрабаз кодое йосана.

«РачӀа, дица маржанал, кӀодоэбелалдаги гьикъичӀого, росила. Эбелалдаги рихьиларо. КӀодоэбелалдаги щиб лъалеб? Церего лъун рукӀарал жаллъидал гъансинир маржанал. Жиндир ракӀ гӀантлъун бугиланги абулагури гьелъ. ГьабсагӀат жинцаго лъураб жо балагьизеги рукъго цоцахъ базе кколилан йикӀуна. НекӀого кӀочон тун батила гьел лъураб бакӀ» – илан пикру гьабуна ГӀашураца.

КӀодоэбел рокъое жание ячӀиналде, хантӀан чвантинир маржаналги лъун, къватӀие йилълъана ГӀашура.

– ГӀашура, кӀодоэбелалъ щиб бугониги жоги кьела дуего, унге, дир яс, – ан ахӀана кӀодоэбелалъ.

– Дун школалде кватӀулей йиго, кӀодоэбел, – анги ахӀун цееса хьвазе гӀамал гьабуна ГӀашураца.

Школалде унеб мехалъ ралалан ГӀашураца маржанал, школалдаса ячӀунеб мехалъ, рахъун сумкаялъур лъолаан.

Цо къоялъ, школалдаса рокъое ячӀунеб мехалъ, маржанал рахъизе кӀочон тун батана ГӀашурада.

– Гьел маржанал киса щварал, ГӀашура? – ян гьикъана — гьелъул горбода ругел маржаназда берчӀварай эбелалъ.

ГӀашура цин юцӀцӀун чӀана, гӀодоеги къулун, щиб жаваб эбелалъе кьелебали лъаларого хутӀана. Цинги, рекӀедеги ячӀун, абуна:

– Гьа, маржаналищ, эбел? Гьал дие кӀодоэбелалъ кьуна.

Гьелдаса нахъе тӀокӀалъ маржанал разе кӀвечӀо ГӀашурада.



Гьел рихьигун, цо кинабалиго хIинкъи кIанцIулаан гьелъул рекIелъе. БагIарлъун, хъахIлъун, хIал хисулаан гьелъул.

«Щай дица кIодоэбелалда гьаричIел? Щай дицаго росарал? Нагагь эбелалда лъани, щиб гьабилеб? КигIан лъикI букIинаан, гьарун рукIаралани дица кIодода! Щиб лъалеб, кьезеги бегьулаангури? Огь, дица мекъи гьабураб куцха! Доеги ун, цIакъ берцин рихьун росун рукIаниндай бицина долда?»

ГIашура кIодоэбелалъул дое йилълъана. Гьейин абуни, рукъ-бакIги цоцахъ бан, дое яккун, ание яккун, гелгедулей йигоан. ГIашурада хехго бичIчIана кIодоэбелалъ щал ралагьулел ругелали.

Гьай йихьарайго, щакъраххунаго бицине жуяна кIодоэбел:

– Гьалеха, дир яс ГIашура, къогогIан соналъ, гъансинир лъун, цIунун рукIарал маржанал тIагIун руго дир! Гьанже маржанал разе гIун мунги йигин, дуе кьелин гьелан йикIана. Гьале, щоларо кодоре!

ГIашура щиб абилебалицин лъалароге хутIана. Нечеялъ гьелъул кIиябго кIаркьен жага гIадин багIарлъун букIана. ГъажибутIруздасаги гIодобе дalараб гьелъул бетIер гьабсагIат бортун бачIинилан кколеб букIана.

– Ди-дида тIа-тIасалъугьа, кIодоэбел! – анги абун, ГIашураца маржаназул цIалал кIодоэбелалъул квенчIелтIа лъуна.

КIодоэбел гIажаибго ялагьун хутIуна ГIашурахъ.

ГIашура, тIокIаб щибго жоги абичIого, рагьун нуцIагун, хехго рокъоса къватIие ана.

# Инсанасул кверал

Эбелалъ васазе гIеч кьунила. Кванан бахъарабго гьез абунила:

– Баркала, эбел, дуе, гьуинаб гIечалъухъ!

– Дие кьечIого, гIечугъветIалъе кье баркала, – ян абунила эбелалъ.

Васал ахикье рекеранила:

– Дие гуро, дие гуро, дун тIад гIезабураб ракьалъе кье баркала, – ян кIалъанила гIечугъветI.

– Нижее гIечугъветI гIезабуралъухъ баркала дуе, ракь!

– Дие кьоге баркала, цIадалал накIкIазе кье. Гьел рукIинчIелани, бакъвалаан гъветI, – ан кIалъанила ракь.



Рекерун васал борхатаб мегIералъул тIогьире рахани-ла.

– Баркала, баркала нужее! – ян ахIанила гьез тIасан рор-жун унел накIкIазде.

– Бакъуе кье баркала, бакъуе... Гьеб букIинчIебани, нижги рукIинароан! – илан жаваб кьунила накIкIаз ва рахъ-рахъалде ралагьун ани-ла.

Лъимал гвангъараб бакъул горалдехун руссанила:

– Хирияб бакъ! Дуца хин-лъи кьола сундуего. Баркала, баркала дуе!

– Дие гуро, лъимал, барка-ла кьезе кколеб. Баркала кьезе ккола гъветI чIарал инсанасул кверазе, – янги абун, гьимани-ла бакъ.

*Бицана МухIамадхIабиб МухIамадовас.*



***

Жиндирго гажал регIерулеб букIанила цIиркъ. Гьеб бихьараб цараца гьикъа-нила:

– Бихьуда чанги гьечIин, дуе гажалгIаги регIерун щай?

ЦIиркъалъ жаваб кьунила:

– Чан бихьараб мехалъ гажал регIеризе щиб регIулеб? Гажал регIеризе ккола чан бихьилалдего.

***

Церги чуги гьудуллъиялда рукIанила. Цо нухалъ гьез гIор бахине кканила. Цин лъелълъе чу лъугьанила.

– Гьениб гъваридго бугебищ? – ан гьикъанила цараца.

– ГьечIо, гьечIо, дир накалдецин ба-хунеб гьечIо, – ян жаваб кьунила чоца.

– ХIинкъуге, хехго лъелълъе лъугьа!

– Дур накалде дир гьодгIаги бахунеб букIарабани, хIинкъилароанха, – ян абунила цараца пашманго.

# ХIурматияб редакция!

РакIалда буго, 1972 абилеб соналъ институтги лъугIун, гIурус мацIалъул учительлъун хIалтIизе ячIана дун гIагараб росулъе.

Кидаго кIоченаро тIоцебесеб дарс...

Гьелде дун хIадурун йикIарай куц! Лъималги дарсихъ цIакъ кIвар кьун гIенеккун рукIана. ЦIияб тема бицун бахъиндал, дица лъималазе суал кьуна дарс бичIчIанищилан. Классалда букIана гIажаибаб сихIкъотIи...

Цо гьитIинай ясалъ квер борхана.

– Гьикъе, ПатIимат, щиб дуда бичIчIичIеб?

– Булул Магомедовна, мунищ кIудияй йигей, дир эбелищ?

– ПатIимат, дуца суал кье нилъер жакъасеб темаялдасан.

– ГIурус мацIалда дуца бицараб жо нижеда щибниги бичIчIичIо. Бицинарищ цо дагъабгIаги магIарул мацIалда?

Дида бичIчIана кинаб захIмалъи цебе бугебали. ГIурус мацI бичIчIуларел лъималазда кин дица малъилеб программаялда бугеб материал?

Жакъа, 21 абилеб векалъ, компьютеразул, телефоназул асирлъун ккун руго лъимал, гьезул ракIал, пикру, гIакълу. ЛъугIулеб буго бухьен гьудулзабазулгун, кIодо-кIудадалгун, эбел-инсулгун. Кодорцин росулел гьечIо классиказул тIахьал.

Унго, Расулида лъанищ букIараб гьаб къо бачIунеблъи: *«Жакъа магIарул мацI хвезе батани...»*

Райцентералдаса 30 км рикIкIад бугеб нижер гьитIинаб росдал лъимал школалда цоцазда кIалъалел руго гIурус мацIалъ.

ГIурус мацIалъул учитель хIисабалда гьеб дун йохизе ккараб жо буго. Амма гьелдаса дун пашманлъулей йиго.

ХIеренаб магIарул мацIалъул кучIдул хъварав, гIун бачIунеб гIелалда мугIрузул улка бокьизе малълъарав, Расулица гурищ нилъер гьитIинаб Дагъистан дуниялдаго рагIизабураб?

Культурагицин нилъер магIарул росабалъе бачIунеб буго гIарабазул улкабаздаса.

Исана 49 сон гIола дир хIалтIулей йигелдаса. ХIалтIана цониги сон гьоркьоб биччачIого, хIухьбахъизе киего инчIого.

Гьедин хIалтIун ругьунлъидал батила «удаленка» – ялда захIмат букIана щибго гьабичIого чIезе. Хъвана лъималазе кучIдул, рахъана суратал.

Дица гьел кучIдул кьолел руго гьитIичазул судалде. Нагагь лъималазе гьел кучIдул рокьани, биччанте букIине магIарул мацI цIуниялде тIамураб цIакъго гьитIинаб галилъун.

Гьай гIеретIги баччун ицухъа ячIуней ясалъул сурат бахъияллъеги ккана гьадинаб гIилла: «Гьале нилъер умумузул букIараб ретIел!» – ян абизе бокьи.

***МочIохъ школалъул гIурус мацIалъул учитель МухIумаева Булул Пирбудаговна***











# Булул МухIумаева



## Щурункъверкъ

– Балеб буго чвахунцIад,
Хехго шуре, щурункъверкъ!
– ГIедегIун щай, цебеги
Добго чвахунцIад буго...

## РелъедалкунчI

Къасиги релъедалкунчI
Кавудахъе бахъана.
ГьитIинаб къоркъол тIанчIий
КъотIноб канлъи гьабуна.

Хадуб релъедалкунчI-кунчI
Цо тIогьотIе бахана,
ТIеренаб хIубиялтIа
ХIикматаб бакъ гвангъана.



## Букъиларищ дий гурде?

– РукIкIби гIемераб гIужрукъ,
Букъиларищ дий гурде?
– ГIицIго рукIкIби гурого,
Кун цониги гьечIо дир.



## Нусиреч

Макьихараб нусиреч
ГъулакалтIа бегана,
ГъотIол тIамхаз ахх бачун,
Гьороца кIибикIана.

– Кьижа, кьижа, нусиреч,
Макьо лъикIаб бихьила,
Берал къанще, къурула,
Къо метерги бачIина.

# Куркьбалбаг1ар – канарко

Яси-васи, канарко,
Кибе мун ун букIараб?
ХарибакIал сверунищ
Свакан гIодоб рещтIараб?

Дур куркьбазул цIваки щиб?
ЦIияб гурдил рекъей щиб?
БилбагIараб тIомалтIа
ТIанкIазул берцинлъи щиб?

Суалал гIемер ругин,
Жиб цIакъ гIедегIун бугин,
БагIарал куркьбал рорхун
Боржун ана канарко.



# Бакъул чIор

Цо тIеренаб бакъул чIор
БорчIана макьидаса,
Меседил тIелхал рагьун
Балагьана ракьалтIе
Дагьабго цIабуцIана,
ЦIваби свине гьаруна,
ТIогьилал релъабаца
МугIрул тIогьал релъана.

Ахикь кьижун рукIарал
ХIанчIазе салам кьуна,
Гьезул пасихIал бакъназ
Сверухълъи цIезабуна

ХхартIа щобил гаразе
Жавгьар-якъут бикьана,
Бакъул хинал чIоразукь
Азарго кьер кунчIана.

Бакъда мокъокъ ахIдана,
ХIорихъ гьури свердана,
Цо балъголъи бицине
МуцIигун щурщудана.

ВатIанги тIабигIатги
ТIоларо цоцадаса.
КIиябго – тIогьол квацIи
Кодоса биччаралареб.

## МАРГЬАБАЗУЛ ДУНЯЛАЛДА

Л.Н.Толстой

# КIиго вац

**(маргъа)**

КIиго вац цадахъ сапаралъ анила. Унаго, толаго цо рохьоре щванила. Сваканги рукIун кIиявго вац цодагъаб мехалъ хIухьбахъизеян реганила ва кьижун кканила. Макьу тIурун тIаде рахъарал гьезда гьениб цо гамачI бихьанила. ГанчIида бикIун цо хъвай-хъвагIайги бугила. Вацаз цIаланила:

«Гьаб гамачI батарав чи битIахъе бакъбаккудехун ине ккола. Гьениб гьесда гIор батизе буго. ГIор бахун доб рахъалде щведал циги гьелъул лъабгo тIинчIги бихьила гьесда. Гьелъухъа тIанчIиги рахъун, тIуре аскIоб бугеб борхатаб магIарде. Гьелъул тIогьиб дуда батила рукъ. Рокъове лъугьиндал гьениб талихIги батила дуда». КIиявго вацас гьеб хъвай-хъвагIай цIаланила. Цинги гьитIинав кIалъанила:

– Рилълъа гIурухъе, гьенир цидухъа тIанчIиги рахъун, магIарде рахине. Цинги талихIги батун цадахъ тIадруссине, – ян.

– КIудияв вац разилъичIила:

– Дун гьениве вилълъинаро, мунги инчIого чIани лъикIаб букIинаан. Цо босани, лъиданиги лъаларо гьеб ганчIида хъвараб жо гьересийищ, яги битIарабищ бугебали. Батизе бегьула гьеб нилълъеда тIад



релъанхъизе, яги нилълъ гуккизе хъвараб чIанда. КIиабилебги хIисаб гьабуни, гьеб битIараб батаницин, нилълъеда лъаларо доб гIор гIебабищ яги чIедерабищ бугебали, гьелъул чваххи хехабищ, яги гIодобе биччарабищ бугебали. КIвезе бугищ нилъеда гьеб бахине? Лъабабилебги: гIор бахун дорехун щваниги цидухъа тIанчIи рахъизе кIолищ нилъеда? ТIадги речIчIун, тIутIун, рихъ-рихъун реххилагури гьелъ нилълъ. Ункъабилебги – тIанчIиги рачун тIогьире щваниги щиб, кинаб талихI доба бугебали лъида лъалеб. Нилълъее хIажатго гьечIеб талихI батани щиб гьабилеб?

– Гьанжесала гьитIинав вац кIалъанила:

– ГIиллаго гьечIого гьаб хъвай-хъвагIай ганчIида бикIилароан. Цо босани, хIалбихьунилан кинабгIаги квешлъи ккеларо нилълъее. КIиабилебги: нилълъ инчIони цогидаз цIалила гьаб хъвай-хъвагIайги, гьел ина церехунги, гьезда батила талихIги. Нилълъин абуни, балагьун хутIила. Лъабабилебги – балагьичIеб батуларо, захIмат бихьичIого рахIат щоларо. Ункъабилебги: дие бокьилароан дунги дир вацги сундаса букIаниги хIинкъун ругилан гIадамазда рагIизе.

КIудияв вацас абунила:

– Халкъалъул аби буго: кIудияб балагьулаго, бугеб гьитIинабги билун хутIулилан. Цоги абула: зодихъ бугеб хIанкъваялдаса къадалълъ бугеб хIинчIго лъикIилан.

ГьитIинасги абунила:

– Дидаги рагIана – бацIидаса хIинкъизе рохьове унгейин абулебги, гьабичIесе гьечIилан хIанчIица ахIулин бицунебги.

Гьединги абун, гьитIинав вац рохьове валагьун анила, кIудияв рокъове нахъ вуссанила.

ГьитIинав вац гIурул рагIалде щванила. Гьебги бахун доб рахъалде вахаравго циги тIанчIиги ратанила. Эбел кьижун бугила, тIанчIи кьурдулел ругила. Ци кьижун бати



талихI кканилан, лахIзаталъ тIад хурхун тIанчIиги рикъун, вас мугIрул тIогьиве валагъун тIуранила. Цо габурлъухъе щведал данде бахъун бачIараб халкъул гIаламалъ гьев месед бекьараб чол гьакида рекIинавунила. Цинги кIалгIабазухъеги вачун жидерго ханлъун лъазавунила.

Щуго соналъ живгIан кепалда кивниги щивниги чи вукIанадайилан вас вугеб мехалъ, гьесул кIигогIан кIудияб аскарги бачун, батIияв ханас гьеб талихIрохалида бугеб пачалихъ бахъанила. Бугелъубго жидер бечелъиги улка-ракьги тун, ханлъиялъул халкъги рахърахъалде бачахъанила гьев хъамалчияс. Лагълъуде ккечIолъиялдасаги чIвачIого хутIиялдасаги разиго гьитIинав вацги тIуранила гьениса. ТIуранила, лъутанила, ахирги жиндирго росулъе вуссанила.

Гьадабго хIалалъ мискингоги гурого, цIакъго бечелъунги гурого, хIалхьияб, хIалалаб магIишаталда ватанила гьесда кIудияв вац. ГьитIинав вацас бицанила бихьарабги, ккарабги, лъутиялъулги, рокъове щвеялъулги, щибго гьоркьоб течIого.

Гьесухъги гIенеккун кIудияв вац кIалъанила:

– Дица гIумру тIамуна гIодове виччан. Дудайин абуни, ханлъун вукIаниги кIудияб къварилъиги бихьана, – ян.

ГьитIинас жаваб кьунила:

– Дун дудаса язихъго вуго. Дида гIемераб гIазабги бихьана. Амма гьелдаса дун пашманлъуларо. Хазина камуниги, ракIалде щвезабизеги, халкъалъе харбие тезеги гIураб жо гьабуна дица. Дурилан абуни, гьеб гьечIо.

# БацIиги гвангваги

ГъотIодаса гъотIоде, гIаркьалидаса гIаркьалиде кIанцIолеб букIараб гвангва гъотIодаса гъоркье бортанила. Хапун бацIица гьеб ккунила. Кваналелде цебе цо суалги кьунила:

– Ле, кIанцIеро, нуж гвангваби кидаго кепалда, расандулел рукIуна. БитIахъе берталъгIанги авадангоги рукIуна. Дунилан абуни, ракI гъоларого, кIвахIалго букIуна. РакI бохараб къоги къанагIатги щоларо дие. Щай нуж рохун рукIунел? Рагъе гьелъул балъголъи. Диеги бокьун буго нуж гIадин букIине, – ян.



– Цин дуца дун дунго букIараб бакIалде бахине те. Цинги гIаркьалидаги чIун, рагьила дица гьеб балъголъи дуе, – ян абунила гвангваялъ.

БацI разилъанила гвангва биччазе. ГъотIодеги бахун, гьелъ абунила:

– Мун кидаго квеш букIиналъе гIилла буго, бацI, дур ракI ццидацаги хъантIиялъги кIвекIулеб букIин. Лъиениги заралги гьечIел, сундуениги хIинкъиги кьоларел ниж, кьагIи гIадин расандула ва аваданго рукIуна.

# ДИНИЯБ ГIУМРУЯЛДАСА

**(Лъабго дарс)**

# ЦIикIкIун багъа Кьолевги вуго

Жинда Аллагь разилъаяв Абу-Бакр Халифалъун вугеб мехалъ, Мадина шагьаралда кванил нигIматазул рахъалъ мукъсанлъи лъугьун букIанила. Чед бежизе ролъгицин щолеб букIинчIила. Мадинаялъул базаргабаз тIощел босизе ине варанаби хIадуранила.

ХIурмат тIадегIанав ГIусманица, Дамаскалдаса гьеб мехалдего нусго вараниялъ баччараб тIощел бачIун букIанила. Доб мехалъ Мадинаялда гIемерал гIадамал рукIинчIила. Гьеб тIощалил гьабураб чед Мадинаялда гIумру гьабулел гIадамазул гIемерисезе гIураб къадар букIанила. Гьебги рагIун базаргаби ГIусманихъе рачIанила, тIощел жидее бичеян гьарун. Гьез цо пуланаб цIайиялъухъ ункъо диргьам кьелилан абунила. ГIусманица гьез кьолеб багьа цIакъго дагьаблъун рикIкIанила: «Нужодаса цIикIкIун багьа Кьолевги вуго!» – ян абунила. Гьесие тIощел лъиего бичизеги бокьун букIинчIила. Базаргабаз багьа 7 диргьамалде бахинабунила. Гьеб мехалъги ГIусманица добго жаваб гьабунила: «Нужодаса цIикIкIун Кьолевги вуго!» – ян. Гьезда кканила, халкъалъул къварилъиялдаса пайдаги босун, ГIусманица багьа тIаде бахинабулеб бугилан. ГIемерисезе гьеб рекIее гIечIила ва хIукму кканила гIарзалъ Абу-Бакрихъе ине.

Базаргабаз Халифасе бугеб ахIвал-хIалалъул бицанила. «Гьеб ишалъулъ цо балъголъи бугин. Нужода ГIусман вичIчIичIого ватизе кколин, гьев, жинда Аллагьасул свалатги саламги лъеяв Аварагасул дурцги гьудулги кколелъул, гьес гьединаб жо гьабизе рес гьечIин, рачIа, гьесухъе киналго цадахъ рилълъине ва хIакъикъат лъазабизе» – ян абунила.

Абу-Бакрица ГIусманида гьикъанила тIощалил багьа бахинабиялъе гIилла щибилан.

ГIусманица гьезие гIакъилаб жаваб кьунила: «Я, Аварагасул Халиф! Гьезие бокьун буго 7 диргьам цIайиялъухъги кьун, диргун дарам гьабизе. Дие бокьун буго гьеб анкьнусго нухалъ цIикIкIун Кьолесе бичизе. БетIергьан-Аллагьас цо лъикIлъиялъухъ нилъее анкьнусго нухалъ цIикIкIун кири хъвазе къотIи гьабун бугелъул. Гьединаб пайда кIудияб дарам гьабизе ресги букIаго, щай дица гьеб нужее бичизе кколеб?» – илан.

ХIурмат тIадегIанав ГIусманил гьеб жавабалъ базаргаби хагазарунила ва гъваридго ургъизе тIамунила. Гьесул хIакъалъулъ букIараб пикруги лъикIаб рахъалдехун хисанила.

Нусго вараниялъ баччун бачIараб тIощел Мадинаялда гIумру гьабулел гIадамазе чIобого бикьанила гьес. Гьеб кIудияб рохеллъун букIанила ресукъал ва садакъаялде хIажаталлъун ккарал гIадамазе. Гьедин тIубазабунила Мадинаялъул гIадамал чадидалъун хьезариялъул масъалаги.

# Ибрагьимил рекIекълъи



Классалдаса къватIиве лъугьунаго Ибрагьимида Салимил кисиниса гIарац бортулеб халлъана. Амма гьесда Ибрагьимица щибго абичIо. Гьев балагьун чIун вукIана киналго цIалдохъаби классалдаса къватIире рачIинегIан. Цинги, лъидаго бихьилалде гIарац жиндирго кисиниб лъуна. ГьебсагIат гьесул рекIел рахIатхвезе лъугьана. КватIичIого цIумур кьабуна. Лъимал цIидасан классалде руссана. Учительги вачIана ва дарс байбихьана. Амма Ибрагьимил ботIролъе дарс яги цоги пикру унеб букIинчIо. Гьев мех анагIан рекIекълъулев вукIана диндирго гъалатI сабаблъун. «Дица гIарац босараб лъани, щибдай лъималаз абила?». Ургъел кIванагIан кIодолъулеб букIана.



ЦинтIаго, макьидаса ворчIарав гIадинги лъугьун, гьесда рагIана мугIалимас, Ахираталда щивас жинцаго гьабураб мунагьалъул жаваб кьезе ккезе букIиналъул хIакъалъулъ бицунеб. Гьанже дагьабги цIакъ рахIатбахъун лъугьурав Ибрагьимида, гIодовчIун вукIине кIолеб букIинчIо.

«Унго, хехгогIаги лъугIулебани гьаб дарс. Дица Салимил гIарац нахъе кьела» абун пикру гьабуна гьес.

Нахъеги цIумур кьабуна.

Классалдаса къватIиве лъугьунаго, соролеб гьаракьалъ, хIалицаго абуна гьес:

– Салим! Гьаб гIарац дур буго. Духъа гьеб бортана... Дица гIодоса босана... ГьебсагIатго нахъе кьечIелъул, тIасалъугьа дида...

Салимица Ибрагьимие баркала

кьуна гӀарац нахъбуссинабуралъухъ. Ибрагьимица Аллагьасе рецц гьабуна рекӀее лъугьараб бигьалъиялъухъ. Гьес гъваридго угьун биччана. Гьесда бичӀчӀана Ахираталда жаваб кьезе ккезесеб мунагь гьабизе бегьунгутӀи. Гьес жиндиего рагӀи кьуна тӀокӀалъ гьединал гьалатӀал риччангутӀизе.

# Абадияб гӀумру



Ихдалил къо букӀана. Гьороца тӀаса тӀолалго тӀамхал хъамун арал гъутӀби гӀицӀтолон рукӀана. МухӀамад, хӀатӀикь хваши бахъунел ракъварал тӀамхазул сасалъ гӀажаибаб асарги гьабулаго, Бешчамларихъе вачӀунев вукӀана. Гьесда цере рачӀунел рукӀана анкьалъ цеве хабалъ вукъарав жиндирго гьудул Самигун цадахъ гьанисан аваданго хьвадулел рукӀарал къоял. Гьасул ракӀ хӀенсолеб ва унтулеб букӀана. Берал пашманлъиялъул накӀкӀулъ росун рукӀана. Гьесда живго янгъиз хутӀи бичӀчӀулеб букӀана. РоцӀцӀараб зодоре рорхарал беразул балагьи гьес нахъеги гӀодобе буссинабуна. Гьесул кӀутӀбуздаса гьал рагӀаби гьенолел рукӀана:

«Я, ТӀадегӀанав Аллагь! Дир гьудул Сами Ахираталда божулаан. Гьесда лъалаан хун хадуб хабалъги гӀумру бугеблъи, гьениб, Мункар ва Накир абулев кӀиго малаикас сурав босизе бугеблъиги. Лъалеб букӀана гьел малаикзабаз гьикъизе букӀин: «Дур БетӀергьан щив? Мун кинаб диналда вукӀарав? Дур Авараг щив? – абун. Нижеца цадахъ такрар гьарулаан гьел малаикзабазе кьезе кколел жавабал: «Дир БетӀергьан – Аллагь ккола, дир дин – Ислам буго, дир Авараг – МухӀаммад (Жинда Аллагьасул ссвалатги саламги лъеяв) абун».

Сами божулаан Исрапил малаикас Ссур пураб мехалъ Къиямасеб

къо чIезе букIиналда ва щибго хутIичIого хвезе букIиналда. Гьесда гьединго лъалаан, дир Аллагь, Дур амруялдалъун кIиабизеги Ссур пураб мехалъ, ихдал тIугьдул раккулеб хIисабалда, киналго гIадамал чIаголъун, хабалалъа къватIире рахъине рукIин. Гьев божулаан киналго гIадамал МахIшаралде, Дуе хIисаб кьезе рахъине рукIиналдаги.

Самида лъалаан гIумруялдаги Караминги Катибинги кIиго малаикас нижер киналго лъикIлъабиги мунагьалги хъвалел тIахьал рукIиналда ва МахIшаралда щивасухъе гьел тIахьал кьезе рукIиналда. Самигун цадахъ нижеца гIемер такрар гьабуна гьаб дугIаги: «Я, нижер БетIергьан Аллагь, Дуца ниж лъикIлъаби хъварал тIахьал кваранаб рахъалъ кодоре кьолезда гьоркьоселлъун гьаре! Ниж ккезаруге квегIаб рахъалъ тIахьал кодоре кьолезда гьорлъе!»

Сами божулаан нижер гIамал цIалел ЦIадирабахъ лъие кинаб хIукму букIине бугебали гIицIго цо Дуда лъалеблъиялда. ГIицIго Дуда лъалелъул нижер лъикIабги квешабги гIамалалъул кинаб цIикIкIараб бугебали. Гьев божулаан СыратIалъул кьодасан риччазе рукIиналдаги, лъикIал гIадамал Гьелдасан бигьаго ва хехго ине рукIиналдаги, Алжан насибаллъун ратиялдаги. Гьединго божулаан, квешал гIадамал, гьеб кутакалда захIматаб Кьо бахине кIвечIого, ЖужахIалде ккезе рукIиналдаги.

Дир гьудул Самида лъалаан хун хадуб абадияб гIумру байбихьулеблъи, гьев хвалдаса хIинкъулароан. Гьев урхъун вукIана Алжаналъул ахазухъ ва гьел жиндиего щвеялде божиги хьулги букIана. ГурхIа, Аллагь, дир гьудуласда! Дурго рахIму, цIоб гьабе гьесда! Я, Аллагь, Алжаналъул ахлъун гьабе гьесул хобги!»

МухIамадица жиндирго дугIаялда хадуб «Аминь» абуна ва гьурмада кверал рахъана. Гьесул данде къалеб букIараб керен, унтулеб букIараб ракI бигьалъун ана. Нахъвуссун добго нухалъ унаго гьес хIисаб гьабуна:

«КигIан кIудияб рохеллъундай букIина, нилъги тун арал, нилъер хириял гьудулзабигун Алжаналда дандчIвазе щведал»...

**Яшар КАНДЕМИР**



# ГIисиназул гьаракь



ГIабдурахIманова
Амина,
*11 класс*

## Дие хириял…

ГIадамал гIемерал руго ракьалда,
Амма кIигоязе къулула бетIер.
Эбелгун инсуе –дие хириял,
Бищунго рокьулел, бищун къиматал.
Сабру гьурмалъ бугей, баба, баркала!
ЛъикIав, ракI гIатIидав, дада,баркала!
Киданиги дида кIочон теларо,
Нужеца кьунщинаб дир гIумруялда.
РакIалде бачIуна гьитIинаб мехалъ,
ЦIвайилан нужеца дида баидал,
Бищунго талихIай гьаб ракьалда тIад,
Цо дунилан дида кколеб букIараб.
Киданиги дица кIочон теларо,
Дир кинидахъ кучIдул нужей къабулал,
Маргъу цIалулаго рогьарал сардал,
Сабру рекIелъ цIунун рицарал харбал.
ГIадамал гIемерал руго ракьалда,
Амма кIигоязе къулула бетIер
Эбелгун инсуе –дие хириял,
Дир пикру, дир анищ, нужги сах хутIи.
Дир рокьигун хинлъи – бабайгун дадай!





# ТӀУГЬДУЛ



ТӀугьдул гьаб дунялалда батӀи –батӀиял руго,
Жинди-жиндир махӀазул, жинди-жиндир кьеразул.
Гьезухъ нилъ ралагьидал, гьурмалъ гьими пархуна,
Гьезул махӀ сунтӀарабго, ракӀал хӀайранлъун уна.

*ГӀисаева Фатима, 5 класс*

# ЭБЕЛ



Дир хирияй эбел, гӀазизай эбел,
Йокьула дие мун гӀумруялдаса.
Эбел, мун йиго дир ракӀалъул кӀутӀи.
Эбел, мун йиго дир угьулеб хӀухьел.
Баркала, эбел, дур хӀеренлъиялъухъ,
Дие кьураб тӀолго гьаб рокьиялъухъ.
Баркала,эбел, дуй аскӀой йигелъухъ,
Дур адаб теларо дица кидаго.

*Асеханов МухӀаммад, 5 класс*



*Гъизилюрт шагьаралъул №3 школалъул цӀалдохъабаз хъварал кучӀдул (данде гьаруна авар мацӀалъул ва адабияталъул мугӀалил Загьра АхӀмадовалъ)*

# ХАСАЛИХЪЛЪИ

Гъапуллъулеб ракь буго ,
Кьижун кколеб рохь буго.
Ва Пашманаб хаслихълъи,
Нилъехъе щолеб буго.
ГӀурччинхарил кьер свина,
Харилъ тӀугьдул речӀала.
ГъутӀбузул тӀанхал гъина,
Роол берцинлъи хвела,
Ахакь хӀалтӀи лъугӀила,
ТӀорщелги бакӀарила.
БачӀунеб хаселалде
ГӀадамал хӀадурила.

*ГӀабдулаева Нусайбат, 7 класс*

# ГӀажаиблъабазул бокӀон

## 300 сон бараб щурункъверкъ



Индиялъул океаналда букӀунеб ралъдалаб щурункъверкъгӀан гӀумру халатаб рухӀчӀаголъи дунялалда гьечӀилан рикӀкӀуна гӀалимзабаз. ЦӀакъго чӀахӀиял гьел щурункъуркъби ханал лъезе рачӀуна чӀинкӀиллъабазде. Гьенир ракъдаллъиялда ханалги лъун нахъеги лъадалълъе лъугьун уна гьел.

1737 соналъ цо чӀинкӀиллъиялда гӀалимзабаз ккураб щурункъверкъалъ 100 сон бан бугилан чӀезабуна. Гьелдаса хадубги Лондоналъул зоопаркалда 300 соналъ гӀадамалги гӀажаиблъизарун хвана гьеб ралъдалаб щурункъверкъ.

## Кенгуруялда релълъараб хӀинчӀ



Америкаялъул цо гӀурул рагӀалда ругел ризал, руччарал рохьазда Мексикаялдаса гӀалимчи-зоолог А.Торода батана хӀикматаб хӀинчӀ. ГьитӀинаб тайпалъул хӀелкида релълъараб гьеб тӀогьилкьераб хӀанчӀил борхалъи букӀана 30 сантиметр. Гьелъул кӀиябго кваркьиялда гъоркь ругоан 8-9 сантиметр халалъи бугел «чунтби». Боржун унеб мехалъ яги хӀинкъи бугеб мехалъ гьел «чунтби-хулжазда» жанир лъолел ругоан жиндирго тӀанчӀи.

# Бищунго некIсиял цIороберал

Бищунго некIсиял цIороберал ратун руго Египеталда Тутанхамон абулев фиргIавнил хабалълъ. Бакъуца берал рухIичIого рукIине гьарурал гьел цIороберaз бан буго 3300 сон. Гьанже Лондоналъул музеялда цIунун ругел гьел цIороберал гьарун рукIун руго мазгарал горазда жанир сурмиял цIорол кескалги лъун.





***

– Дур ручка дихъе кье! – ян абуна цIалдохъанас аскIой гIодой чIарай ясалда.

– Кьеларо! Дуралъго хъвай!

– Диралъ гIемерал гъалатIал гьарулел ругелъулха!





***

– Гьаб пандур дуца, мунго ругьунлъизе, щибаб къоялъ хъвалебани, дица дуе цо-цо гIеч кьелаан, – ин абуна васасул васас пандур хъвазе лъазабулеб букIиналдаса йохарай кIодоца.

– Хъваларо, кIодоэбел! ХъвачIого таралъухъ мадугьалзабаз дие кIи-кIи гIеч кьола.

# Кицаби

***

Лъимадул щиб унтаниги, цадахъ эбелалъул ракIила унтулеб.

***

Эбелалъе хилиплъарав ВатIаналъеги хилиплъулила.

***

Бакъукь хинго букIуна, эбелалда аскIоб лъикI букIуна.

***

ХIинчI бохула ихалдаса, эбел йохула лъималаздаса.

***

ХIанчIие бусенги – ВатIан, къоркъое хIорги – ВатIан.

***

Нилъерго рукъги – ВатIан, рукъалда цебе бугеб лъарги – ВатIан.

***

Нилъерго улка – эбел, чияр улка – бесдалэбел.



.АРА.
.АРА.
.АРА.
.АРА.
.АРА.
.АРА.
.АРА.
.АРА.

.АРА.
.АРА.
.АРА.
.АРА.
.АРА.
.АРА.
.АРА.

**ТIанкIал ругелъур хIарпалги тIадеги журан, аслияб падежалда цолъун формаялда ругел предметиял цIарал лъугьинаре.**



*Мочlохъ школалъул гlурус мацlалъул учитель Булул Мухlумаевалъ ганчlазда рахъарал суратал.*

Соколёнок

ISSN№0203 – 3682

# Лачен

3/2021
май – июнь

Иллюстрированный детский журнал.
Издается один раз в два месяца.

**Учредитель:**
Министерство информации и печати Республики Дагестан.

**Регистрационный номер**
серия ПИ №ТУ05-00413 от 22.04.2019 г. выдан управлением Роскомнадзора по Республике Дагестан.

Издается с января 1980 г.

**Руководитель – главный редактор**
М.М. Ахмедов

**Редколлегия:**
М. АХМЕДОВ
М. МАГОМЕДОВ
К. МАГОМЕДОВ
А. МАЛАЧИЕВА **(редактор выпуска)**
М. АБДУЛХАЛИМОВ
Г. ХАБИБОВ

**Художественный редактор** З.Даганов
**Технический редактор** Т. Лузина
**Художники номера** М. Муталимов
**На обложке** – фото Гаджикурбана Расулова «Сестры Ханмурзаевы».

Формат 60х84 1/8.
Бумага офсетная.
Уч. изд. л. 3,15 .
Уч. печ. лист 3,26.

Выход в свет 26.06.2021 г.
Тираж 934 экз.
Заказ № 892.

**Типография:**
ООО «Издательство «Феникс-пресс».
**Адрес типографии:**
367018, РД, г. Махачкала, ул. Петра I, 61.

**Редакция и издатель:**
Государственное бюджетное учреждение Республики Дагестан «Редакция республиканских литературных журналов «Соколёнок» и «Литературный Дагестан»
**Адрес редакции и издателя:**
367000, РД, г.Махачкала, ул. Даниялова, 55.

**Электронный адрес редакции:**
litdag@mail.ru

Аварский язык

Индекс: на год – 63277,
на полугодие – 73902.

Цена свободная.